Pou Piblikasyon Imedya: 16/04/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

KENBE NOUYÒKÈ YO AN SEKIRITE: GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON PWOPOZISYON ELAJIS POU PWOTEJE NOUYÒKÈ YO KONT ICE

Kenbe otorite imigrasyon yo lwen zòn sansib yo epi pwoteje entèraksyon ak anplwaye piblik yo

Entèdi fòs lòd yo kouvri figi yo pou kache idantite yo

Pwoteje dwa chak elèv pou yon edikasyon piblik gratis kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon yo

Baze sou 'Lwa sou Polis Lokal, Krim Lokal' Gouvènè a pou asire ke fòs lòd lokal la konsantre sou konbat krim lokal la

Gouvènè Kathy Hochul te pwopoze jodi a yon plan konplè ki ta elaji pwoteksyon pou Nouyòkè yo kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon yo, pwoteje dwa fondamantal yo epi rann ofisyèl imigrasyon federal yo responsab. Nan kòmansman ane sa a, Gouvènè Hochul te entwodui plizyè pwopozisyon pou pwoteje Nouyòkè yo nan mitan yon ogmantasyon san parèy nan aplikasyon agresif lwa federal sou imigrasyon. Baze sou pwopozisyon li te fè anvan yo, pake mezi konplè sa a pral ranfòse pwoteksyon yo epi pwoteje dwa moun nan Nouyòk yo kont abi otorite imigrasyon federal ki pa respekte lalwa yo.

"Nouyòk fyè dèske li se kote imigran yo vini pou bati yon pi bon lavi epi nou p ap tolere aksyon san sans ki anpeche pwomès sa a rive vre", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pi gwo priyorite mwen se kenbe sekirite Nouyòkè yo, se poutèt sa m ap pwopoze nouvo mezi pou sispann abi flagran pouvwa ICE a sou pretèks sekirite piblik. Lè nou pwoteje dwa fondamantal yo epi nou elaji pwoteksyon ki kenbe kominote nou yo an sekirite, n ap goumen pou nou rasire chak Nouyòkè ke n ap pwoteje yo kont twòp pouvwa ICE la. Tan pou aji an se kounye a."

Entèdi fòs lòd yo mete mask

Pwopozisyon Gouvènè a ta entèdi ofisye eta, lokal ak federal yo mete mask pandan y ap kominike avèk piblik la. Sa pa enkli ekipman taktik, linèt solèy, oswa mask medikal nan dapre definisyon mask la. Vyole lwa a volontèman ta yon deli minè.

Rekonsantre fòs lòd lokal la sou krim lokal yo

Pwopozisyon sa a ta entèdi lapolis eta ak lokal yo kowòdone ak lapolis federal la pou vyolasyon ki pa kriminèl tankou pyeton ki travèse lari ilegalman oswa vyolasyon minè sou machin ak trafik. Pwopozisyon an ta limite tou ofisye lapolis yo pou yo pa mande, kolekte oswa pataje enfòmasyon sou sitiyasyon imigrasyon sof si lalwa egzije sa oswa si li enpòtan pou yon krim.

Pwopozisyon Gouvènè a ta entèdi tou gouvènman lokal yo, lapolis eta ak lokal yo, ak sèvis koreksyon eta ak lokal yo pou yo siyen Akò 287(g) (287(g) Agreements) oswa akò ki sanble ak yo ak gouvènman federal la, ki pèmèt yo sèvi ak resous leta ak lokal yo pou rezon aplikasyon lalwa sou imigrasyon sivil. Gouvènman lokal yo ta gen entèdiksyon tou pou peye oswa kontribye nan depans ki gen rapò ak konstriksyon, posede oswa opere yon sant detansyon imigran. Yo ta entèdi tou pou yo chanje zonaj pou pèmèt konstriksyon oswa itilizasyon bilding kòm sant detansyon imigran san patisipasyon piblik la.

Responsabilize fòs lòd Federal la pou vyolasyon konstitisyonèl yo

Kounye a, Nouyòkè yo ka pouswiv fonksyonè gouvènman eta ak lokal yo pou vyolasyon dwa konstitisyonèl yo nan kad lalwa federal sou dwa sivil, men aksyon kont fonksyonè federal yo pi limite. Pwopozisyon Gouvènè a ta pral tabli yon lwa nan nivo eta kote Nouyòkè yo ka pote plent devan lajistis kont ofisyèl nan gouvènman federal, eta, ak lokal pou vyolasyon dwa konstitisyonèl yo.

Pwopozisyon Gouvènè a ta entèdi fonksyonè eta, lokal ak federal yo mete mask pou kache idantite yo pandan y ap kominike avèk piblik la. Sa ta ekskli ekipman taktik, linèt solèy, oswa mask medikal.

Pwoteje Relasyon ak anplwaye eta yo

Pwopozisyon Gouvènè a ta entèdi fòmèlman itilizasyon resous eta, lokal oswa lekòl yo—tankou tan anplwaye yo—pou aktivite ki aplike lwa imigrasyon yo. Sa gen ladan l yon entèdiksyon pou kesyone oswa envestige moun sèlman pou rezon imigrasyon sivil, ansanm ak mande enfòmasyon sou sitwayènte oswa peyi orijin yon moun sof si yon manda jidisyè federal egzije sa. Lejislasyon yo pwopoze a ta entèdi tou ofisyèl yo divilge enfòmasyon pèsonèl bay otorite imigrasyon yo, ba yo aksè a zòn ki pa piblik nan etablisman piblik yo oswa itilize ofisye imigrasyon kòm entèprèt, epi li ta entèdi lage oswa transfere yon elèv nan detansyon imigrasyon menm si yon paran te nan detansyon, sof si yon manda jidisyè oswa yon lòd tribinal egzije sa espesyalman.

Anplis de sa, SED ta devlope yon règleman modèl pou lekòl yo konsènan entèraksyon avèk otorite imigrasyon yo.

Kenbe otorite imigrasyon yo deyò zòn sansib yo

Pwopozisyon Gouvènè a ta entèdi tout anplwaye eta, lokal ak lekòl yo (ki gen ladan edikasyon siperyè ak matènèl jiska 12èm ane) pou yo pa pèmèt otorite imigrasyon yo gen aksè ak nenpòt zòn ki pa piblik nan yon etablisman eta oswa ke eta ap opere san yon manda jidisyè. Sa vle di okenn etablisman ki posede oswa opere pa eta oswa minisipalite, tankou lojman, pak, gadri, lekòl matènèl, lopital, lekòl, dòtwa, etablisman

swen sante, sant kominotè, bibliyotèk ak abri, pa ka bay otorite imigrasyon yo aksè nan okenn zòn ki pa piblik nan etablisman yo san yon manda.

Pwopozisyon Gouvènè a ta bay tou pouvwa ak kote sansib ki posede oswa opere pa antite prive, tankou lopital, gadri, lekòl, lojman ak lye adorasyon yo pou yo fè menm bagay la tou.

Pwoteje dwa chak elèv pou yon edikasyon piblik gratis

Anplis pwoteje lekòl yo kòm kote sansib, pwopozisyon Gouvènè a ta asire elèv imigran yo ka jwenn aksè ka edikasyon, sa ki ta kodifye dwa pou yon edikasyon piblik gratis kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon yo.

Pwopozisyon an entèdi divès pratik, patikilyèman konsènan koleksyon done ak divilgasyon konsènan sitiyasyon imigrasyon, ki ta ka anpeche elèv san papye egzèse dwa sa a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU